

Kijan pou itilize yon ponp pou tire lèt nan Tete?

- Lave men w
- Ponpe lèt la 8 a 10 fwa nan 24 èdtan
Chak **2-3 èdtan** nan lajounen / pa plis pase 4 èdtan nan lannwit.
*Li enpòtan pou ponpe lèt la lèswa pou kontinye pwodui bonjan lèt
- Ponpe lèt la pandan **15 a 30 minit**, oswa jiskaske lèt la sispann koule
- **Aspirasyon** – kòmanse a 1%, Ogmante jiskaske w rive atenn pi wo nivo konfòtablite w
Li pa ta dwe fè w mal lè w ap ponpe lèt la, chak manman pral gen yon nivo konfòtablite diferan
- **Vitès**- kòmanse nan nivo ki pi rapid la (80 cpm) epi ajiste l ak ekoulman lèt la.
*Lè lèt la kòmanse koule (bese) oswa apre 2 minit diminye vitès la a 50 – 60 cpm

Kijan pou fasilite lèt la koule avèk yon ponp pou tire lèt nan tete?

- **Masaye** tete w rive nan direksyon pwent tete a avan/pandan w ap itilize ponp lan
- Pase yon konprès **tyèd** sou tete a oswa pran yon douch avèk dlo tyèd avan w kòmanse ponpe lèt la
- **Koule lèt la ak men w** apre w fin itilize ponp lan pou vide tete a
*Sonje lèt ki vini nan fen sesyon kote w ap ponpe lèt la se dènye lèt. **Dènye lèt** la gen plis grès ladan l pou fè bebe a grandi
- Ponpe lèt la pandan w chita bò kabann bebe w la si sa posib

- Chache fason pou detann ou pandan w ap itilize ponp lan
Pa egzanp, Gade yon foto bebe w la
Konsèy ak Tretman
- Y ap ba w boutèy konsèy ansanm ak sereng
- **Etikèt pou Lèt Matènèl** – Fòk ou ranpli Dat/Lè sou li pandan w ap kole l sou sereng/bibwon yo
- Lèt **ou fenk ponpe** nan tete a kapab rete nan tanperati chanm (76 F° oswa nan yon tanperati ki pi frèt) pandan **4 èdtan**
- Ou kapab konsève lèt matènèl la nan **frijidè** pandan **48 èdtan** apre w fin ponpe l
*Si bebe a p ap konsome l nan lespas 48 èdtan, tanpri, mete lèt la nan frizè
- **3-4 mwa** nan **frizè**
- **6 mwa** oswa pi plis nan **fon frizè** (0 F° oswa nan yon tanperati ki pi frèt)
- Tanpri, transpòte lèt la nan yon sachè oswa yon glasè ki izole ki gen blòk glas ladan l pou asire w ke w bay lèt ki pi fre a
- **Direktiv (sic) NICU bay sou fason pou konsève lèt yo** diferan de direktiv nòmal yo

Toujou Sonje

- NICU gen yon sal pou ponpe lèt pou manman yo
- Pafwa, gen yon tete k ap pwodui plis lèt
- Li enpòtan pou toujou kontinye itilize ponp lan, sitou nan 2 premye semèn yo
- **Pwolaktin** se yon òmòn ki fabrike lèt kote kantite lèt li frabrike a pi elve ant 1AM ak

5AM, kidonk, li nesesè pou ponpe lèt la lèswa.

- Lèt ou fabrike pou bebe w la boule anpil kalori, chache jwenn enfòmasyon sou tout repa alètman **GRATIS**

Po a Po (Swen Kanngouwou)

Avantaj Pou Bebe W la

- Ogmante sou pwa ou pran
- Amelyore respirasyon
- Regle tanperati
- Diminye ritm kadyak la epi li kalme bebe a
- Ede w kreye lyen ak bebe a
- Ogmante pwodiksyon lèt matènèl la
*Eseye itilize ponp pou tire lèt nan tete a apre w te fin po pou po ak bebe w la pou ogmante pwodiksyon lèt la



Kisa Ponpaj Enèji a ye?

- Li ka **pèmèt ou pwodui plis lèt**
- Pwodiksyon lèt matènèl la se òf ak demann
- Li repwodui yon bebe ki mande plis lèt

Kijan pou Ponpe Enèji?

- Ponpe pandan 10 minit, apres a repoze w pandan 10 minit
- Repete sekans sa a pandan 1 èdtan



Alètman Non-Nitritif

Bebe w la prè lè...

- Bebe a konfòm ak **po a po a**
- **Ritm kadyak ak respirasyon** l fò e regilye
- Bebe a pa bezwen machin pou ede l respire a ankò
- **Avan** w fè alètman Non-Nitritif la, **sonje ponpe lèt nan tete w**

Sisyon Non-Nitritif la la ideyal pou fè **pandan nitrisyon** atravè **tib yo**



Alètman Nitritif

Bebe w la prè lè...

- Bebe a **aktif, vijilan** epi li kapab **kowòdone** kapasite li genyen pou l **souse tete**

- Bebe a pa gen pwoblèm respirasyon epi li posib pou yo mete l sou yon kanil nazal
- Apre Alètman Nitritif la, li enpòtan pou **ponpe lèt la pou ogmante pwodiksyon lèt la**
- Y ap pran pwa bebe a avan ak apre chak alètman pou yo mezire ki kantite lèt ou te nourri l.

W ap Chache Plis Resous?

Nimewo Telefòn ki Enpòtan

Laktasyon NICU 954-265-7867

NICU 954-265-4270

Resous

Broward County WIC 954-467-4511

Dade County WIC 786-336-1333

Kellymom.com

Newborns.Stanford.edu/breastfeeding

Workandpump.com

Breastfeedingonline.com

Panyòl: Lacted.com

Aplikasyon pou Telefòn Entèlijans Jounal sou Ponp

Lokasyon Ponp pou Tire Lèt nan Tete

Hollywood Discount Pharmacy 954-989-6300

W ap Jwenn Plis Revandè:
www.Ameda.com/www.Medela.com



Joe DiMaggio Children's Hospital pa apwouve okenn pwodui oswa revandè patikilye. Sa pa fèt pou sèvi kòm yon rekòmasyon Joe DiMaggio Children's Hospital fè ni li pa yon lis enklizif konplè.

Joe DiMaggio  **Children's Hospital**

Resous sou Laktasyon nan Inite Swen Entansif (ICU) pou Tibebe ki Fenk Fèt

Alètman an kòmanse avèk gout kolostwòm epi chak gout konte !

Yon gout lèt matènèl esansyèl pou **swen bouch** bebe w la. Se tankou yon medikaman!

YON GOUT NAN BON PWODUI A

lèt tete w kontinye chanje san rete pou l reponn ak bezwen bebe w la.

Dlo
Men sèlman KÈK nan eleman ki kapab prezan yo:
Pwoteyin

Laktòz

Antikò

Asid Gra
Esansyèl


Òmòn/faktè kwasans

Vitamin ak Mineral

Selil Souch

Oligosakarid

Enzim Antibakteryèl e
Antiviral



Èske ou konnen?

Lè w bay bebe w (sic) la lèt tete w, ou ba li pi bon medikaman ke **sèlman ou menm** kapab ofri l la.

Rechèch yo montre ke lèt matènèl la founi pwoteksyon enpòtan pou bebeb w la, sa ki ede w diminye sou kantite tan li ta dwe etène lopital ak sou risk pou l gen konplikasyon komen yo.

